# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस के नौ विधानसभा सीटिनि पर हो रहल उपचुनाव में कुछु छिटपुट घटना के छोड़ि के मतदान सान्तिपूर्ण ढंग से पूरा भइल। भिन्नहीं साते बजे से उछाह के साथे लोगि मतदान केन्द्रन पर ओट डारे जाये लगलें। निर्वाचन आयोग के मोताबिक तिजहरिया तीनि बजे ले कुलि 41.92 फीसदी ओट परल। मुरादाबाद के कुंदरकी विधानसभा क्षेत्र में सबसे जियादे मतदान भइल। ओहीं गाजियाबाद में सबसे कम 27.44 फीसदी मतदान भइल हवे। मुजफ्फरनगर के मीरापुर विधानसभा सीटि पर 49.6 फीसदी ओट परल। मुरादाबाद के कुंदरकी सीटि पर 50. 3 फीसदी, गाजियाबाद में .27.44 .फीसदी, अलीगढ़ के खैर सीटि पर 39.86 फीसदी, मैनपुरी के करहल विधानसभा सीटि पर 44.70 फीसदी, कानपुर के सीसामऊ विधानसभा सीटि पर 40.29 फीसदी प्रयागराज के फूलपुर में 36.58 .फीसदी, अम्बेडकरनगर के कटेहरी में 49.29 फीसदी अउर मिर्जापुर के मझवां सीटि पर 43. 64 फीसदी ओट परल।

प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा कहलें कि मुजफ्फरनगर के मीरापुर विधानसभा सीटि के ककरौली गांव में आजु भिन्नहीं कुछु गड़बड़ी क खबरि आइल रहे, बाकिर मामिला के सुलझा लिहल गइल हवे। पहिचान पत्रन के जांचि के सम्बन्ध में समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव के आरोप पर श्री रिणवा कहलें कि जहवां से हमहन के सिकाइति मिलि रहल हवे ओहर निपटारा कइल जा रहल हउवे।

ओहर चुनाव आयोग के आदेस के बाद कानपुर सहर के सीसामऊ विधानसभा सीटि पर मतदाता लोगिन क जांचि कइले अउर ओन्हें ओट डरले से रोकले पर चुनाव आयोग के दिसा–निरदेस क उल्लंघन करे वाले पांच पुलिसकरमियन के मोअत्तल कइ दिहल गइल हवे। अउरियो जिलन में कर्रवाई कइल जा रहल हउवे, जहवां आजु उपचुनाव हो रहल बाटे। मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार चुनाव अधिकारियन के निस्पक्ष अउर सुचारू मतदान सुनिस्चित करवले क निरदेस दिहले रहलें।

**********

ब्राजील में जी–20 समिट के बादे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु तीनि दिन के यात्रा पर कैरेबियाई देस गुयाना पहुंचि गइल हउवे। येहि बिच्चे गुयाना क सरकार प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अपने देस के सबसे प्रतिष्ठित राष्ट्रीय पुरस्कार **द ऑर्डर ऑफ एक्सिलेंस** दिहले क घोषण कइले हवे। ओही बारबाडोस प्रधानमंत्री मोदी के प्रतिष्ठित **ऑनरेरी ऑर्डर ऑफ फ्रीडम ऑफ बारबाडोस** से सम्मानित कइले क घोषणा कइले हउवे।

कुछु दिन पहिले डोमिनिका श्री मोदी के आपन सबसे प्रतिष्ठित राष्ट्रीय पुरस्कार **डोमिनिका अवार्ड ऑफ ऑनर** से सम्मानित कइले रहे। अबले प्रधानमंत्री के दुनिया भर के ओन्नइस देसन की ओरि से राष्ट्रीय सम्मान मिलि चुकल हउवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या क दौरा कइलें। येह दौरान प्रभु श्रीरामलला अउर हनुमानगढ़ी में दरसन–पूजन के सथहीं सुग्रीव किला में श्रीराजगोपुरम के भव्य अनावरण महोत्सव मे हिस्सा लिहलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि श्री अजोध्या धाम आजु एगो भव्य स्वरूप ले रहल हवे। एकरे बाद मुख्यमंत्री बलरामपुर जिला के दौरा पर रवाना हो गइलें।

**********

गोरखपुर के बीर बहादुर सिंह स्पोर्ट्स कॉलेज में चलि रहलि अड़सठवीं राष्ट्रीय विद्यालयीय कुस्ती प्रतियोगिता क आजु समापन हो गइल। प्रतियोगिता के आखिरी दिन्ने आजु पचहत्तर किलो फ्री स्टाइल बालक वर्ग में महाराष्ट्र क अनिल, उत्तर प्रदेश के सक्षम के हरा के गोल्ड मेंडल जीतलें जबकि सक्षम के सिल्वर मेडल से संतोस करे के पड़ल।

आजु के येह भार–वर्ग में विद्या भारती उत्तर प्रदेस, गुजरात, बिहार, राजस्थान, चंडीगढ़, नवोदय विद्यालय, उड़ीसा, कर्नाटक, हिमाचल प्रदेस, मणिपुर, दिल्ली, तमिलनाडू अउर पंजाब के खेलाड़ी दम–खम देखवलें। समापन समारोह क मुख्य अतिथि मेयर डाक्टर मंगलेश श्रीवास्तव अउर विसिष्ठ अतिथि विधायक विपिन सिंह खेलाड़ियन के ईनाम दिहलें।

**********

कुशीनगर जिला में राष्ट्रीय स्वास्थ्य मिशन की ओरि से चलावल जा रहल योजना अउर कार्यक्रमन कै वास्तविक स्थिति के समीक्षा बदे आजु भारत सरकार की ओरि से कॉमन रिव्यू मिशन–सीआरएम कै तीनि टीमि कुशीनगर पहुंचि के आपन जांचि सुरू कइ दिहले हवे। टीमि बाइस नवम्बर ले जिला में रहि के संयुक्त जिला चिकित्सालय पुरूष एवं नेत्र चिकित्सालय पडरौना, सामुदायिक अउर प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्रन, उप केन्द्रन के सथहीं जननी सुरक्षा योजना, आयुष्मान भारत योजना के साथे प्रदेस अउर केन्द्र सरकार के कई गो अउरियो योजना कै समीक्षा कइले के सथहीं स्थलीय निरीक्षणो करी।

**********

उत्तर रेलवे क महाप्रबंधक ए.के. वर्मा आजु बनारस के कैंट रेलवे स्टेसन क निरीक्षण कइले के बाद पत्रकारन से बतियावत उहां के कहलीं कि भारतीय रेलवे की ओरि से प्रयागराज में होखे वाले महाकुंभ बदे रेलवे ट्रैक के दुरूस्त कइले के साथे–साथे अउरियो रेलगाड़ियन के चलवले क कार कइल जा रहल हवे। उहां के बतवलीं कि महाकुंभ के देखत प्रयागराज में सज्जो स्टेसनन पर उत्कृष्ट सेवा दीहल जाई।

**********